

BIBLE 316

Alkitab Menika Napa?

Alkitab menika napa? Allah ingkang ngendika marang panjenengan. Alkitab boten namung babagan Allah; Alkitab menika saking Allah. Alkitab menika langkung saking maringi panemu. Alkitab menika panemu (diilhami Allah / diambegi dening Allah). Waosna, midangetaken, penggalihaken, lan sinaoni, lan trepaken ing lebet gesang panjenengan. Rasul Petrus nyerat: *"Kados bayi ingkang nembe lair, kangen susu ingkang asli saking firman, supados kanthi menika panjenengan tuwuh lebet karahayon,"* 1 Petrus 2:2.

Napa ingkang damel Alkitab menika unik? Alkitab menika saking 66 kitab ingkang diserat lebet tiga basa (Ibrani, Aram, lan Yunani) dening langkung saking kawan dasa tiyang sak dangu kirang langkung saking 1.600 warsa, kanthi setunggal tema limrah lan ajeg sak dawa abad. Perjanjian Baru sampun dipasthikaken lumantar langkung saking 5.000 naskah kina, sae jangkepipun napa sak perangan. Katetepan Alkitab sampun dibuktiaken lumantar nubuat ingkang digenepi, panemu arkeologi modern, pas geografis lan kawicaksanan kang sak lawasipun saking kitab Amsal Alkitab yaiku kitab ingkang paling wigati lan paling ngaruh ingkang nate diserat. Boten wonten buku sanes ingkang dipun cetak langkung kathah ditujuaken langkung wiyar, lan diterjemahaken ing kathah basa, ngowahi gesang tiyang kathah cara ingkang kiyat, lan tahan sak dangunipun kathah abad. Alkitab menika namung setunggalipun aturan paling inggil babagan napa ingkang kedah kula panjenengan pitadosi lan kados pundi kula panjenengan kedah gesang. Alkitab jumeneng kiyambak langkung inggil saking sedaya buku sanes.

Napa mawon karakter Alkitab?

Alkitab dipun wahyuaken dening Allah. *"Sedaya seratan ingkang diwahyuaken Allah,"* 2 Timotius 3:16.

Alkitab menika leres, *"Kudusipun piyambakipun lebet kaleresan; Pangandikan-Panjenengan menika kaleresan,"* Yohanes 17:17.

Alkitab pas engga babagan paling alit. Yesus ngendika, *"Sejatosipun Kula ngendika marang panjenengan ngantos langit lan donya sanes setunggal aksara mawon saking hukum Taurat ingkang sirna sak dereng sedayanipun kedadosan,"* Matius 5:18. Kaleresan naskah asli sampun dijaga saengga terjemahan paling sae sakmenika langkung saking 99% pas.

Alkitab murni. *"Pangandikan Gusti yaiku pangandikan ingkang murni, perak ingkang dicoba ping pitu ing siti,"* Masmur 12:6.

Alkitab langgeng. *"Suket dados garing, sekar dados alum, ananging pangandikan Gusti kula panjenengan tetep kangge sak lawasipun,"* Yesaya 40:8. Alkitab tasih pas kados sepisanan dipun serat.

Alkitab kuwaos. Ibrani 4:12, *"Jalaran pangandikan Gusti gesang, kiyat, lan langkung landhep saking pedang mata kalih napa panjenengan nembus ngantos misahaken suksma lan roh. Sendi-sendi lan sungsum saged ngakimi penggalih sarta niat ing manah."*

Napa manfaat pribadhi saking Alkitab

Alkitab nyiapaken kula panjenengan. *"Sedaya seratan ingkang diwahyuaken Allah manfaat kangge ngasta, nyatakaken kalepatan, ndadosi, lan ndhidhik tiyang lebet kaleresan supados saben kawulanipun Gusti dijangkepi kangge saben tumindak sae,"* 2 Timotius 3:16-17.

Alkitab ambiyantu kula panjenengan boten dosa. Masmur 119:9, 11 caosi pirsu piyambakipun kados pundi caranipun kangge mujudaken. *"Kados pundi tiyang nem njagi lampahipun tetep murni? Kanthi gesang miturut pangandikan Panjenengan" lan Pangandikan Panjenengan kula simpen lebet ati kula supados boten dosa marang Panjenengan."*

Saking Kitab Suci paring pitedah tumrap dinten menika (lampah kita salajengipun) saha paring tuntunan tumrap tembeyan kita (dalan ingkang kedah katindhakaken). *"Sabdanipun Paduka punika lampu tumrap samparan kawula lan pepadhang tumrap dalan kawula,"* Mazmur 119:105.

Alkitab maringi kawicaksanan. *"Kabikakipun pangandikan Panjenengan maringi pepadhang lan pangertosan marang tiyang kanthi prasaja,"* Mazmur 119:130. Kawicaksanan ingkang langgeng dipun panggihi ing Amsal wonten ing Perjanjian Lama.

Alkitab nulung kula panjenengan ngadepi kawratan. Masmur 119:50 nyurung kula panjenengan, *"Menika panglipur kula lebet kasengsaran kula, menawi pangandikan Panjenengan sampun nggesangaken kula malih."*

Alkitab maringi pangarepan. *"Sedaya perangan ingkang diserat rumiyin dilampahi kangge pasinaon kula panjenengan, supados sregep lan panglipur saking Kitan Suci kula panjenengan kagungan pangarepan,"* Roma 15:4.

Alkitab maring raos ayem makmur. Masmur 119:165 Janji, *"Tiyang ingkang welas asih hukum Panjenengan kagungan ayem makmur ingkang ageng, lan boten wonten ingkang damel piyambakipun kesandung."*

Alkitab maringi bungah. Yeremia 15:16 paringi setunggal tuladha, *"Pangandikan Panjenengan dados bungah kangge kula lan karemenan ati kula, jalaran kula ditimbali kanthi asma Panjenengan."*

Kados pundi maos utawa mirengaken Alkitab? Gatosaken langkung saking setunggal ayat. Timbangaken sekawan ancas saking *"Sedaya seratan ingkang diwahyuaken Allah manfaat kangge ngasta, ngaturaken kalepatan, ndandos, ndhidhik tiyang lebet kaleresan,"* 2 Timotius 3:16. Nalika panjenengan maos utawa midangetaken, pitakonan sekawan pitakonan: Napa ingkang diulangaken marang kula? Kados pundi menika ngemutaken kula? Dandos napa ingkang betah kula lampahi? Kados pundi ngladhen kula kangge dados langkung sae.

Menawi kula boten gadah Alkitab? Usahaken sakiyatipun tenaga kangge tumbas terjemahan Alkitab ingkang sae. Menawi boten saged tumbas, kathah sumadya kanthi boten bayar kangge diwaos utawa dimidandhetaken kanthi daring. Saged ugi tumbas sareng kanca utawa ngandumaken. Utawa nyuwuna marang gereja utawa sedherek sak iman supados setunggal tiyang maos Alkitab kangge paguyuban lan midangetaken kanthi estu. *"Bagya tiyang ingkang midangetaken pangandikan Gusti lan nglampahi,"* Lukas 11:28.

Mapinten-pinten ayat wigati kangge tiyang ingkang ngasta lan pemimpin Alkitab: Dadosna murid Yesus ingkang taat. Gesang lebet pangandikan Gusti. *"Mila Yesus ngendika dhumateng tiyang-tiyang Yahudi ingkang pitados marang Panjenengan, 'Menawi jenengan estu murid-Kula,'"* Yohanes 8:31. Sinauna Alkitab supados pantes ing ngajengipun Allah. *"Usahakna jenengan ingkang sregep supados saged mapanaken dhiri panjenengan kanthi pantes ing ngajengipun Allah dados tiyang ingkang nyambut damel ingkang boten kedah lingsem, kanthi estu numindaki pangandikan kanthi leres,"* 2 Timotius 2:15.

Kenging napa Alkitab wigati sak lawasipun? Rasul Yohanes ngandharaken ancas nyerat ijilipun. Ancasipun saged ditrepaken ing sedaya Alkitab. *"Amarga tasih kathah tanda sanes ingkang Yesus lampahi ing ngarepipun murid-murid, ingkang boten kaserat ing buku menika; ananging kaserat yaiku supados jenengan pitados menawi Yesus yaiku Kristus, putra Allah, lan supados dening iman jenengan pikantuk gesang lebet asma-Panjenenganipun,"* Yohanes 20:30-31. Kados pundi jenengan pitados dhumateng Yesus lan pikantuk gesang ingkang langgeng? Padosi caranipun ing www.Gospel316.org.

"Suket dumados garing, sekar dumados alum, ananging pangandikan Gusti kula panjenengan tetep kangge sak lawasipun," Yesaya 40:8.

Alkitab menika napa? © 2025 dening John D. Morris III, dipunbitakaken déning Acts One Eight. Panjenengan kaparingi pangidinan kangge nyithak, nyalin, nyebaraken, ngirim lumantar email, utawi ngandharaken isi punika, kanthi tetep nyakup pernyataan punika kanthi pepak. Panjenengan saged nambahaken nama paladosan utawi gréja panjenengan, utawi logo, wonten ing pérangan nginggil kaca sepisan, saha nambahaken informasi kontak wonten ing ndhuwur garis padhet ing pérangan ngandhap kaca kaping kalih. Bible316 punika adhedhasar sakabehé ing Alkitab. Tujuwanipun inggih punika supados tiyang-tiyang sami saged rawuh dhateng pracaya wonten ing Gusti Yesus Kristus, saha lajeng tuwuh dados para muridé Panjenenganipun. Panjenengan saged ngirim email dhateng Acts One Eight (yen saged, migunakaken basa Inggris) ing alamat: Hello@Mail316.org. Layanan terjemahan dipunwontenaken déning www.ChristianLingua.com. Tulisan "Alkitab menika napa?" punika kasedhiya ing 48 basa kanthi gratis wonten ing www.Bible316.org. Kutipan Kitab Suci ing versi basa Inggris asalipun saking New American Standard Bible 1995, ingkang dipunbitakaken déning The Lockman Foundation. Kutipan Kitab Suci ing terjemahan punika asalipun saking: Alkitab Basa Jawa 2006.